«НАХАНА ДИКА БОЛХ ХИЛЧА ХАЛАХЕТАР А, ВОН БОЛХ ХИЛЧА ХАЗАХЕТАР А, КЕРСТАНАЛЛА ДӀАДАЬЛЧА, ШОЗЛАГӀА ЙОЛУ ДАКЪАЗАЛЛА Ю».

(Iовдин Iелин Хьусайн)

Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – I степени в 2010 году

Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.



Исламан зӀаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
Кадыров А.-Х.

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран ноябрь беттан 24-гIа де
1437-чу шеран сафар беттан 24-гIа де
24 ноябрь 2016 год № 22 (375)

ТIОМ – АКХАРАЛЛА Ю. ТIАМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГI ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, ДIАДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА.

(Кунта-Хьаьжин хьехам)

АЛЛАХIАН НОВКЪАХЬ

IИЛМА ДОВЗАРНА ХIУН ОЬШУ?

Iилма довзарна хIун оьшу?

«Iилманна тIекхочур вац иза лахарца (Iаморца) бен, ткъа иза Iамор хир дац ладогIарца, ешарца, язъярца бен. И кхо хIума ца хилча ца долуш ду, уьш ца хилахь цхьана а Iилманна тIекхуьур ву ала цхьа а некъ бац».

Имам Ибн Хьазм (Дала къинхетам бойла цунах)

АЙХЬА ЦХЬАННА ВОНИГ АЬЛЛЕХЬ, ЦУННА ДАН ДЕЗА ДОIА

«Алло́хIумма фааййума́ муъминин саббабтухI, фажъIал за́лика лахIу́ къурбатан илайка йавмал-къийа́махI».

«Я АллахI! Ас шена вониг аьлла волчу муьлххачу а бусалба стагана Къематан дийнахь иза Хьайна гергавуьгур долу бахьана хилийта Ахь цунах».

РИЦКЪА

Имам ШаIравис элира: «Дала Къуръан чохь боху: (АллахIа Шена луучунна рицкъа ло, хьесап доцуш), наха “рицкъа” бохучу дешан цхьа маьIна до, даиманна цуьнца бала а бу церан, цара ойла йийриг даьхни ду. Ткъа вай цаьрга боху: «Иза хилла ца Iа шуна цуьнан маьIна, “рицкъа” бохург – шеца пайда мел оьцуш долу хIума ду шуна, шун Iилма – рицкъа ду шуна, шун гIиллакх – рицкъа ду шуна, шун сий – рицкъа ду шуна, аша дуьненна а, эхартана а шеца пайда мел оьцуш долу хIума рицкъа ду шуна!”

ПIЕРАСКАН ДЕ САЛАВАТ ДИЛЛАР СОВДОККХУ ДЕ ДУ

Iабба́сан кIанта IабдуллáхIа дийцина (Дела реза хуьлда цаьршинна), АллахIан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира аьлла: «Суна салават диллар Iаддитинарг ялсаманин некъах галваьлла». Ибн Ма́джахI, ТIабара́ний.

***

Дика Iамалш ялсамане доьлху некъаш ду. Ткъа Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) салават диллар цу Iамалех цхьа Iамал ю, цу некъех цхьа некъ бу. Цундела, и ца дуьллуш дитар – цу некъах галвалар ду, цу некъах тилар ду, цхьана кхечу новкъа ва́лар ду. Иштта маьIна дина цу хьадисан цхьаболчу Iеламнаха.

В РАМКАХ РАБОЧЕЙ ПОЕЗДКИ

Заместитель Муфтия Чеченской Республики Аслан Абдулаев по поручению Муфтия ЧР Салах-Хаджи Межиева побывал с рабочей поездкой в Тюмени, где с 19 по 21 ноября 2016 года проходили Дни вайнахской культуры. В Театрально-концертном зале богослов встретился с вайнахской общиной, где в ходе встречи была затронута тема духовно-нравственного воспитания и развития подрастающего поколения, а также рассмотрены вопросы касательно Ислама, в области акиды, суфизма, и проблемные на сегодняшний день вопросы вахаббизма и радикализма. Заместитель муфтия рассказал, что ваххабиты – это люди, искажающие истинный смысл Священного Корана и хадисов, переводя и толкуя их по своему усмотрению. Они часто неверно цитируют Священный Коран и хадисы, изымая слова из контекста, или предают забвению те или иные аяты, которые явно опровергают их утверждения или же не признают эти хадисы, называя их «слабыми». Ваххабиты никакого отношения не имеют к нашей религии, ведь Ислам – религия мира, добра и милосердия, которая несет в себе только истину.

Молодые люди задавали интересующие их вопросы, на которые получили раскрытые ответы. Также богослов посетил местную мечеть, где совершил коллективный намаз, после чего провел встречу со старейшинами и представителем Главы ЧР города Тюмень. Различные мероприятия, в области духовно-нравственного воспитания и развития молодежи, проводились в течение двух дней.

Пресс-служба ДУМ ЧР

МУРДИЙН ДЕГНИЙН ОЙЛАНАШ

Iоврех дIаийна шовданаш бехделла,
Динан Да балано хьулвина,
Зулмат дIадаьлла пайз хаьдда,
Туьра да машаре ваьлла.

(Къабил, Нажин-Юьртан районера ЦIоьнтара, 1887-1982 шш.)

Делан кхиэл лелла, вайн махкахь халкъана тIебогIучу балина ша кIелахIоьттина, халкъ паргIат дитархьама, 1924-чу шеран 18-чу мартехь, ша ЧК-на каравахара Iовдин Iела. Оцу заманчохь вайн махкахь кхолладеллачу хьолехь биъ некъ бара Iелина хьалха, царех муьлхха а харжа йиш а яра цуьнан.

Хьалха: шен доьзалца кхечу пачхьалкхе дIаваха, цу хьокъехь цуьнга дехар динера Чермоев Тапас, амма Iелас тIе ца лецира и некъ. Цул тIаьхьа имам Шемалан кIентан кIанта СаIид-Бека а дийхира цуьнга, амма Iелас шен лаамца Даймахкана букътохар тIе ца лецира.

ШолгIа: Кхолладеллачу советан Iедална гIуллакх деш, сацар. Амма Дела вац аьлла дIакхайкхийна долчу Iедална гIуллакхдар – Делан некъах дIакъастар лорура Iелас. Цу хьокъехь Iедалан лакхарчу куьйгалхоша некъ кховдийна хиллера цуьнга. Архиверчу кехаташа тоьшалла а до цунна.

КхоалгIа: Оцу Дела вац аьлла долчу Iедална дуьхьал гIаттамбар. Царна ондда тохар дан ницкъ а бара цуьнгахь, тIеман гIирс а, накъостий а. И Iедал дохо ницкъ ца тоахь а, дуьненна а дIахаийта. Амма и некъ а цо къобал ца бира, хIунда аьлча, муьлххачу а гIаттамо адамийн цIий Iанадойла хаьара цунна. Ткъа Iела бусалба а, кераста а стеган цIий Iанош яьккхинчу паргIатоне сатуьйсуш вацара.

ДоьалгIа: Ша оцу, Дела вац аьлла долчу, Iедалан каравахар, дисина адам, шен динан вежарий, накъостий ца хьийзабойтуш. Амма цул тIаьхьа, шайн Iедал чIагIделла даьллачул тIаьхьа, вайнахана а, дерриге а къаьмнашна а тIехь цара лелон йолу къизалла а дика евзара цунна, дукхазза а далхийнера цо иза, оцу карзахечу заманчохь хуьлуш болчу гуламашкахь. Iелас цхьанна а цамоьттург дира.

Iелина дика хаьара, ша йоккхуш ерг хIун гIулч ю, дика евзара оцу Iедалан къизалла а. Амма хIетте а и некъ хаьржира цо.

Iела дика вевзаш, даггара везаш, лоруш хиллачу мурдийн дахаран некъ хедира, ойланаш гIелъелира. Церан доьзалийн, гергарчийн, Iелин шен доьзалан кхерчахь цхьайолчу ханна дIаяйра цIе, дIаелира дегнийн серло.

ХIоранна а гуш дерг шегара хьал дара, ша ваьллачохь воьлхура, Деле, Пайхамаре, Iовде кхойкхура, шен ойланехь Iелица къамел дора, дуьхьал лаьттара цуьнан юьхьамат, цуьнан васт, цуьнан дерриге а гIуллакхаш. Ткъа шиъ вовшахкхетча, велхар бен, кхин къамел дацара.

Иза яра адамо шен кхерчахь рицкъа латтон Iалашо йолуш арахь, лаьттах уггаре а пайдаэца безаш йолу бIаьстенан зама. Вуьшта, заманащца юьстича, уггаре а хаза зама. Амма Iелин гIайгIа йолчу доьзалашна, цуьнан мурдашна ца гира и хаза зама. Цхьа бел дIа ца Iоьттира, цхьа бIал тIекIал ца баьккхира…

Iовдин кертахь йолу котамаш йоьлхуш екар, кхокхарчий балийца эгар, ткъа Iелин говр ладар хилла елхар – уьш дерриге а тахханалц дуьйцуш ду мурдаша.

Iелех дагабуьйлуш, цунна герга алсам гIерташ хиллачу мурдийн дегнаш балано лецира. Хийла мурдо, шен устаз Iела могаш-маьрша волуш цIа верззалц ца яста юкъ йихкира. Йина чIагIо ца йохош, Делан эхарте вирзира.

ХIора шарахь арахь дIадуьйш долу ялта дуьххьара лаьттах дIа Iуттуш, Везачу Делан Велий, Коьнчий (иштта йоккху Iелин, Iумаран цIерш мурдаша) могаш-маьрша цIа а ваийтина, дуург хилийта ахь, олуш бен дIа ца доьра.

(Чаккхе еша 3-чу агIонехь)

АБУ-САЛАМАН (САЛАМ-МОЛЛИН) ЗЕРАТ – Iилманчин-Iелимстеган Салам-Моллин зерат Хьалха-Мартанан районан Iалхан-Юьртарчу кешнашкахь ду.

Салам-Молла накъшбандийн тIарикъатан зIе схьайохьуш хилла. Зандакъарчу ГIеза-Хьаьжин мурд хилла иза, кхидIа оцу тIарикъатан некъ хьеха векал вина а хила цо.

ЭВЛАЯИЙН ДИЙЦАРШ

ХУТIАС IОВДИН IЕЛИЦА (ВЕЛИЦА) ТОБА ДАР

Эвтарара вара ХутIа цIе йолуш цхьа стаг, Iовдин Iелин мурд вара иза, цул дукха жима а вацара, цунна улло ваьлла лелла, и резавина бакъмурд а вара иза. ХутIас дийцина олий, тхан дас Джунайда дуьйцура: “Iела (Вели) волчу вахара со, цуьнца тоба дан нийят долуш. УьйтIахь вара Iела. Хьо лаа лелий, ХутIа, аьлла, хаьттира Iелас соьга. Со тоба дан веана хьоьца, элира ас. Ой, ахь Iовдица ца дина тоба, хаьттира Iелас соьга. Деллахь, хIинций-хIинций бохуш, Iашшехь, висиркха со, жоп делира ас Iелина.

Делахь дика ду, вало чу, аьлла, Iела хьалха а волуш, Iелин хIусам чу вахара тхойшиъ. Iела, ламазана хууш санна, голаш тIе охьахиира. Соьга, охьахаал хьо а шена дуьхьал, иштта шен голашна дуьхьал хьайн голаш а тухуш, элира цо. ТIаккха Iела сан бIаьргаш чу хьаьжира, хьайн ши бIаьрг схьахьажабел сан бIаьргаш чу, олуш. ТIаккха со Iелин бIаьргаш чу хьаьжира, соьга велхар хьаьдира, Iеле а велхар иккхира. Жимма соцунгIа а хилла, Iелас элира: “ХутIа, тоба къобалхили хьан, Дала къобалдойла хьан и”, – аьлла.

ТIаккха Iелас элира соьга: “ХутIа, маттана говза хир ву хьо, зуькар алар а хир ду хьоьгахь, вахар-вар алсам а хир ду хьан. Вирд даккхарх хьалхавити ас хьо, ламазана тIаьхьа доккхуш долу цхьа бIе зуькар дьакххичахьана, аьлла”.

Джунайда сих-сиха и къамел а дой, олура, ХутIас зуькарехь вирд даккхар хьахаделча, суьлхьанаш схьа а гойтий, хIара цхьа бIе бен тIе диллина а дац, ас даккха а доккху, олий.

ДЕВТГИРИ IОВДИЦА ЦХЬАЬНА КАЛУГЕХЬ

Гелдаганара вара Iовдин йоьIан Йисхин кIант Адам (вевзаш вара Девтгири Адам цIе йоккхуш). Адама дуьйцура, шен дас Девтгирис дийцина олий (Девтгири, Iовдин нуц хилла ца Iара, тешаме мурд а вара).

Калугехь Iовдица ша волуш, чIогIа цомгаш хиллера Iовда. Iовдас элира: “Девтгири, хьайн ши ког дIа а хеций, хьайн кара гIайба а биллий, хьайн кара дIавижийтахьа со”. Ша Iовдас ма-аллара кечам бира, Iовда шен карахь дIатевжира. Иштта дIатевжина Iаш а волуш, Iовдас юха а элира, ша мараволлахьа, Девтгири, аьлла. Ша Iовда маравоьллира. ТIаккха Iовдас шега хаьттира: “Девтгири, ша хьан марахь вуй”. Ша, ву элира. Iовдас тIаккха элира: “Девтгири, варийлахь, дIахаийталахь ДегIастанахь болчу вайнахе, хIинца ша хьан марахь хиларе терра, кхана догIу долчу Къематан дийнахь Iелех хьаьрчинарг шен марахь хир ву хьуна. Ва амма, цунна букътоьхначунах хиндерг и Дела воцчунна ца хаьа-кха”. Шен ши куьг дIасадахийтира Iовдас, олий, дуьйцура Адама шен ден Девтгирин къамелах лаьцна.

Заурбеков МасIуд

Ларамe газетдешархой! ХIокху газет тIехь язйина АллахIан еза цIерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хIара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакххиссар

НАХА ХОЬТТУ – ШАЙХ ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

Тасбихь дича а, суьлхьанаш хьовзийча а хилла болу мел дIакхайкхийча и беллачарна дIакхочий?

Стаг велча цуьнан Iамал хедаш ю, амма Дала Элчанан умматана (Iалайхьи-ссолату ва-ссалам) динчу совгIатешх ду цуьнан и Iамал хаьддехь а, тIаьхьабисина болчу наха (доттагIий хуьлийла, верасаш хуьлийла, гергарнаш хуьлийла, бевзарш хуьлийла), цуьнан цIарца Къуръан дешна, зуькар дина, сагIа делла, доIанаш дина, и велларг дага а лаьцна, йина йолу Iамал цуьнга дIакхочур ю, цуьнах шеко йоцуш и сецна ду.

Хьовсал, Дела резахиларш, эвлияэх цхьа стаг хиллера, аьлла ду жайнахь, хиъна Iаш, шен хьуьжаран уьйтIахь, цуьнан бIаьрг кхийтира берашна юкъахь доьлхучу цхьана берах, деллахь, лазийна те иза аьлла, тIе а кхайкхина и бер хьаьстина хилла цо. Хьуна хIун хилла, аьлла хаьттича, беро жоп делла: кесталха нана еллера шен, и нана яй-кха шена жоьжахатан Iазапехь, аьлла. Цунах къахетта оцу эвлаяа ша Iаччохь шен суьлхьанаш тIехь доккха зуькар дина хиллера кхузткъе итт эзарне кхаччалц. Ойла йина цо, оцу меттехь кIантана хезаш доцуш, ша бина болчу белхан кхузткъе итт эзар зуькарх хилла мел оцу кIентан нанна бели-кх ша (цуьнан цIе а ца хаьа цунна) аьлла, оцу кIентан нанна совгIат дина цо. КIант гуш лаьтташехь хийца а велла, схьа а иккхина ловза велира, боху. ТIаккха оцу Делан гергарчу стага хаттар дина кIанте юха а: ахь динарг хIун ду, хIинцца воьлхуш ма вара хьо, ткъа хIинца самукъа даьлла ма ву хьо? КIанта жоп делла: хIун ду хаац, шена жимма хьалха Iазапехь яйна йолу шен нана, хIинца ялсаманин ниIматехь, цуьнан бешахь, шовданашлахь, хазачу бай тIехь Iаш яй-кх шена, аьлла. Эццахь ши хIума гучуделира вайна элира оцу эвлаяа (вай маха бар олу-кх стаг велча деш долчу 70 эзар зуькарх, эццера схьаэцна ду иза, бух цигара болуш), жоьжахати чохь велахь а кхузткъе итт эзарза ла илахIа илл-АллахI бохуш долу зуькаран маха бина и маха оцу веллачун мелана белча жоьжахатех хьалхавоккхуш хилар гучудаьккхи вайна Дала. ХIара шена юххехь волу кIант, элира цо, кошфаллин дакъа долуш, къайленна тIекхуьуш хилар а гучудели вайна. Иштта, эвлаяийн шена тIехь барт сецна а болуш, аимматийн а, Iулмаийн а шена тIехь барт сецна болуш, эццера схьа ду вайн стаг велча маха бар.

Хьовсал, кхочур бара дера-кх вай белла мел дукха чIогIа дIа-м. Вай кешнашка дахча цхьайтта къулхIа а дешна, вай дешна долу къулхIийн мел оцу кешнийн охIланна вай белча, оцу хIора кешнийн охIлане эзар нур лур ду боху каш чу, уьш мел дукха белахь а, цул сов кхано хьо велча хьан коша а догIур ду боху и нур. Оццул доккха дика дина вайна Дала, цундела вовшех къахеташ доIа дар, мел балар лойла вайна.

Доьзалхо я цIийнда цхьанхьа воьдучу хенахь нанас (хIусамнанас) царна хIун доIа дича дика хир ду?

Доьзал а, цIийнда а Iалашбан гIерташ болу хIусамнаной ма эшабойла вайна Дала. Уггаре а хьалха оцу хIусамненера оьшуш дерг ламаз карахь долуш кхача хьакхор, шен доьзалшна ламаз карахь долуш бина кхача баор ду. ШолгIа, шен цIийндеца шен юкъаметтиг оьзданиг гойтуш хилийтар, цIийнда - доьзалан да лара шен доьзална Iамош хилар, и некъ лелабар ду зудчун декхар. КхозлагIниг, масала, и цIийнда цхьанхьа воьдуш велахь, доьзална а хозуьйтуш, Дала маьрша лелавойла хьо, Дала гIоза-декъал юха цIен тIе верзавойла хьо, олуш хилар ду. Нагахь доьзалш цхьанхьа боьлхуш белахь, Дала ийманехь нисдойла шу, Дала маьрша леладойла шу аьлла, иштта и доIа деш хила еза берийн нана. Доьзалан хьокъехь ден-ненан доIа Пайхамара (Iалайхьи-ссолату ва-ссалам) шен умматана деш долчу доIех терра ду боху аимматаша. Дас-нанас шен доьзалан хьокъехь дина долчу доIина Дала жоп луш ду. Дала и доIа дар лойла царна.

Могаш воцуш ву ша, охьа а вужий наха сецош, дог лозуш цамгар ю шегахь. Ша хIун дан деза? Шега хIун эр дара ахь?

Дала бусалба нахана дарба лаха бакъо йина, халкъа юкъара Дала шен говзанчаш Iамийтина, лоьраш аьлла цIе а йолуш, халкъа юкъа бахкийтина. Оцу лоьрашкара дарба лаха деза цамгар йолуш волчу стага. Делахь а ас дIа ца доккху Пайхамаран (Iалайхьи-ссолату ва-ссалам) дош: «Къуръанаца шайн догIмашна дарба лахалаш», аьлла долу. Амма хууш волчуьнга, лоьрийн Iилма Iамийна волчуьнга оцу Iилманца бахьанаш а лелош, ерриге а паргIато а, маршалла а Делера дуй хууш, Деле шен болх а буьллуш, дарба лоьрашкара лаха деза. И лоьраш бу шуна шайн болх Деле а биллина и дарбанаш лелош. Амма шен ницкъ кхочуш волчу стага Айатул-курси а доьшуш, иза ца хууш велахь Фатихьат доьшуш шен лозуш йолчу метте куьг хьокхуш, Веза Дела, дарба хьоьгахь ду-кх аьлла лазархочо дарба лехча цунна дарба хир ду, Дала мукъ лахь.

Тарикат

ФИЛОСОФИЯ СУФИЗМА

О Аллах, не лиши нас того благого, что у Тебя есть из-за плохого, что есть в нас. О Аллах! Принеси нам пользу в том, чему Ты научил нас, и научи нас тому, что принесет нам пользу.

(Часть 3. Продолжение)

Шариатские науки и средства, которые помогают в изучении – это то самое, если верующий с их помощью будет взаимодействовать с экспериментальными науками, то экспериментальные науки перейдут из ранга чисто светских наук в ранг наук, посредством которых можно приблизиться к Аллаху. Науки, которые приносят пользу человечеству, а не вредят ему. Значит, какие из наук, по их сущности, самые достойные? Это, безусловно, науки, касающиеся Священного Откровения и науки, служащие ключом их пониманию. После них идут другие науки. Хорошо, если они самые достойные, почему разделение происходит в том, что касается личности ищущего знания? Да. В том, что касается личности ищущего знания, есть разделение. Что из этих двух важнее? Изучение шариатских наук дополнительно к знаниям, изучение которых является индивидуальной обязанностью. А что касается индивидуальной обязанности, то это должен знать каждый мусульманин. Что из этих двух лучше: изучение шариатских наук, изучение Корана, в совершенстве знать науку единобожия, вероубеждение, изучение науки фикха, познание разрешенного и запрещенного, изучение тасаввуфа, духовности, упорядочение наук, связанных с Кораном и хадисами в свете наук Корана, таджвида, тафсира, причин ниспослания того или иного аята, отмененного и отменяющего из них, основ тафсира, введения в науку о толковании Корана. Изучение науки о хадисах: риваят – определение личности, от которого передается хадис; дираят – изучение знаний, исходящих из текста хадиса, терминологии, признание надежности передатчика хадисов, толкование хадисов. Что предпочтительнее: совершенное владение тобой этими науками, или же чтобы ты стал профессиональным врачом, опытным инженером, опытным рабочим, что из этих двух лучше для тебя? Если говорить в абсолютном значении, то шариатские науки. В этом вопросе есть разделение, касающееся двух сторон, с позиции потребности мира, исламской уммы и с позиции твоих возможностей в совершенстве владеть этими науками. Что касается с позиции потребности уммы, то нужно смотреть на состояние дел в стране, в которой ты проживаешь, в каких науках больше всего нуждаются люди, есть ли достаточность в шариатских науках? Есть ли там ученые, которые покрывают потребность страны в религиозных знаниях? Допустим, есть. Хорошо. А в каких областях имеется их недостаток? Может имеется нехватка врачей? Тогда для тебя предпочтительнее изучение медицины, чем изучение шариатских наук, если ты не можешь изучать и то, и другое вместе. Почему? Потому что здесь имеется халатное отношение в том, что является коллективной обязанностью мусульман. Грех будет на всех, если среди нас не будет необходимого количества врачей. Это то, что касается Исламского общества. Но они сказали: нет, у нас есть недостаток в шариатских науках. Верно, что многие имеют дипломы в области шариатского права, есть среди них и те, кто имеет докторскую степень. Есть много тех, кто заучивает Священный Коран наизусть. Есть те, кто возглавляет разные собрания, проповедники. Но они говорят: у нас недостаток в исследовании шариатских наук. Ученых или тех, кто относят себя к науке – множество, но основательно знающих науку, исследующих ее – мало. Это реальное положение нашей уммы. Если бы положение не было таким, не распространилось бы невежество и не умножились бы хариджиты этого века, не распространились бы беды и не были бы утрачены культура и нравы. Если бы богобоязненные ученые покрывали бы потребность уммы в знаниях, не дошло бы положение уммы до такого. О ученые страны, о соль нашего народа, кто исправит соль, если соль испорчена! Следовательно, мы нуждаемся в покрытии этого, мы нуждаемся в пересмотре нашего понимания. Раньше люди отбирали самых лучших своих сыновей в физическом, умственном отношении, чтобы потом отправить их обучаться шариату. Сегодня, в наше время, смотрят на умного ребенка и говорят: он умный, пошлите его изучать медицину или инженерию, а если ребенок умственно недоразвит, говорят: у этого бедняги слабый ум, пошлите его учиться шариату, мол, ничего – благое это дело. Когда снижается уровень поиска шариатских знаний умными, талантливыми людьми, происходит интеллектуальный упадок тех, кто говорит от имени религии, и, как результат, случаются беды, в которых мы сегодня находимся. Значит, мы все еще нуждаемся в специалистах в области шариатских наук. Еще раз, это касается в потребности нашей уммы. Мы сказали, что вопрос имеет две стороны, правда? То, что касается в потребности уммы, и то, что касается определенного человека. Что означает «то, что касается определенного человека»? нужно смотреть на его возможности. Люди отличаются друг от друга по своим возможностям: у одного склонность к изучению шариатских наук, у него желание и возможность проводить длинные ночи, многие дни и годы, переходя от изучения краткого содержания к широкому толкованию, исследованию. Если кто-то с конкретной целью принялся изучать знания, мы говорим ему: тебе лучше заняться поиском шариатских знаний. Другой же не учит то, что ему необходимо изучать из религии, однако он чувствует в себе склонность к медицине, может с усердием изучать разные ее области, чего не получалось у него в шариатских науках. Ему мы скажем: твой долг, после того, как ты получил необходимый минимум знаний в шариатских науках, совершенствуйся в той области, где у тебя хорошо получается, раз это полезная наука. Следовательно, мы говорим: какие науки являются самыми достойными? Самыми достойными из этих наук, в общем, являются шариатские науки. А если говорить в частности, то те науки, в которых нуждается страна и в совершенстве владеет человек. По воле Аллаха мы продолжим наш разговор. Мы просим Всевышнего Аллаха сделать нас из числа тех, которые прислушиваются к словам и следуют к наилучшим из них. О Аллах, не лиши нас того благого, что у Тебя есть из-за плохого, что есть в нас. О Аллах! Принеси нам пользу в том, чему Ты научил нас, и научи нас тому, что принесет нам пользу, по Твоей щедрости и милости, О самый Милостивейший из милосердных. Мир и благословение Аллаха нашему господину Мухаммаду, его семейству и сподвижникам. И наша последняя молитва – Хвала Аллаху, Господу миров. Аль-Фатиха.

Шейх Хабиб Али Джифри

КАК ЗАБИРАЕТ ДУШИ АНГЕЛ СМЕРТИ АЗРАИЛЬ?

Азраиль (мир Ему) – один из четырех великих ангелов, созданных Всевышним Аллахом, и именно он освобождает души людей, когда истекает их срок жизни пребывания на земле.

Смерть является неизбежной реальностью, в итоге ожидающая нас всех, независимо от нашего социального положения, цвета кожи и географического места проживания. Порой она приходит, как нам кажется, не вовремя и может застигнуть нас врасплох. И многие, наверное, до этого момента думают о том, как еще долго и счастливо они будут жить, строят планы на будущее, расписывая себе радужные перспективы на годы вперед. Но, так или иначе, мы осознаем ее неизбежность, когда видим перед собой Азраиля – ангела смерти.

Большинство людей, особенно далекие от религиозных взглядов, представляет Азраиля в каком-то пугающем и устрашающем свете. Порой рисуют карикатуры, где изображена «смерть» в балахоне с косой в руках... Но не стоит забывать, что он является творением Создателя, четко исполняющим повеление Всевышнего Творца. Поэтому не логично допускать мысли о какой-то несправедливости в этом вопросе, ибо каждый живет столько, сколько предначертано ему самим Создателем.

В тафсире Мазхари упоминается хадис, переданный Абдуллахом ибн Умаром: «Когда Аллах приказал Азраилу, умерщвлять людей он взмолился: «О мой Господь, Ты возложил на меня такую обязанность, что все сыны Адама, живущие в мире, будут проклинать меня всякий раз, когда вспомнят обо мне и будут считать меня злом».

На это Аллах ответил ему: «Мы позаботились об этом и распространили в мире некоторые заметные болезни и другие причины гибели людей, которые они будут связывать со смертью и ты будешь защищен от их проклятий». (Этот хадис приводит Куртуби в своем Тафсире и сочинении «Ат-тазкира»).

Нередко приходиться слышать один и тот же вопрос: «Как один ангел успевает одновременно побывать в разных точках планеты?». Ведь на земле, в одно и то же время, может умереть немалое количество людей, живущих в разных уголках света.

Однако, стоит заметить, что к данному вопросу нас толкает наша субъективная привязанность к материальной сущности вещей, а не к реальной. То есть, мы все начинаем оценивать с точки зрения наших материальных представлений о мире, в то время он куда более многогранен. Мы не знаем о иных Вселенных, созданных Великим и Мудрым Творцом, и которых несметно много. Мы имеем крайне ограниченные представления о мире ангелов и джиннов, которые живут параллельно нашему миру, в абсолютной независимости от нашей веры в их существование.

Мы знаем скорость света, и знаем, что есть творения Милостивого Создателя, которые могут преодолевать сотни тысяч километров всего лишь за одну секунду. Но мы не знаем досконально о скорости движении ангелов, которые могут быть фантастически выше в разы, чем мы имеем об этом представление.

К тому же ангелы не привязаны к понятиям времени и пространства, и могут одновременно находиться в разных местах, что также выходит за пределы нашего обыденного мировосприятия. Если вы разместите много зеркал в одной комнате, то вошедший в эту комнату человек будет отражаться в каждом из них. Притом, это будет один и тот же человек, а вовсе не большое количество людей, находящихся в зеркале.

Куртуби в своем сочинении «Ат-Тазкира» рассказывает, что однажды Пророк, да благословит его Аллах и приветствует, увидел ангела смерти, стоящего у головы одного из сахабов, лежавшего на смертном ложе. Пророк, да благословит его Аллах и приветствует, сказал, обратившись к нему: «Облегчи моему сахабу». Ангел смерти ответил: «Будь уверен. Я облегчаю каждому верующему», и добавил: «Представь себе число людей, живущих в городах и деревнях, и в лесах, в горах или у воды. Я вижу каждого из них пять раз в день. Поэтому я напрямую знаю всех их, молоды они или стары».

Некоторые же ученые склонны считать, что у такого ангела, как Азраиль, имеются помощники, которые помогают ему забирать души людей.

Один из известных комментаторов Корана Муджахид, на которого в свою очередь ссылается другой известный комментатор Куртуби, так описывает процесс извлечения души из тела: «Перед ангелом смерти весь мир – как открытый ящик, в котором люди рассыпаны подобно зернам, и он выхватывает те из них, которые хочет».

Но, так или иначе, суть природы ангелов неизменна, а ведающий обо всем лишь Мудрый и Великий Аллах, сотворивший сие многогранное и многообразное великолепие.

islam-today.ru

МУХЬАММАД АЛЬ-ГIАЗАЛИН КЪАМЕЛ

АллахIа къинхетам бойла шайх Мухьаммад Аль-ГIазалех! Цо элира: «Вахочу маларе марзвеллачу цхьана стаге ша элира аьлла: «АллахIе вирзина, тоба хIунда ца до ахьа?». БIаьргех дуьйлучу хишца, дог эшна а волуш, соьга а хьаьжна, цо элира: «АллахIе со воьхуш, доIа дехьа суна». Оцу стеган хьолан ойла йира ас, цунах къахетта, дог дуткъаделира сан. Цуьнан велхар дара – цунна хаар АллахIан хьокъехь ша мел ледарло йина, АллахIана дуьхьала хиларна тIехь шен мел гIайгIа ю, АллахIаца уьйр тояларе ша мел безам-шовкъ йолуш ву хаар. Баккъал а, Делах тешаш стаг вара иза, амма Iосаллица зуьйш вара иза. Къинойх ша ларваре сатуьйсу цо, ша царех ларваларна гергавигарна тIехь соьгара гIо а лоьху цо. Ас тIаккха айса-сайга элира: «Сан хьал хила ма тарло хIокху стеган хьолах терра, я кхин а вон хила а тарло...бакъ ду, цкъа вахочу маларан чамбаьккхина-м вац со; со ваьхначу меттигехь и девзина доцу дела, хIетте а со хила тарло гIопалаллин маларх кхетта, сайн Дела дуккха а вицвелла, Цуьнан хьашташ диcдина. Иза-м велха а воьлху шен ледарлонна, ткъа со а, со саннарш-м ма ца боьлху тхайн ледарлонашна. Вай ваьш вайх Iеха-м ца делла-те? Хьо АллахIа Шен нийсонан некъана хаьржинчу хенахь, хьо нахал а къаьстина ву аьлла, я Шена муьтIахь хиларна ма дацара, иза-м Цуьнгара къинхетам барий хьоьга кхаьчна, муьлххачу а хенахь хьоьгара дIабаккха а тарло АллахIа и къинхетам. Цундела, варийлахь, хьайн Iамалх а, Iибадатах а Iеха ма лолахьа, варийлахь, Делан некъах тиллачуьнга и сийсаза я лахара хетий, ма хьажалахь. АллахIа къинхетам хьох бина ца хиллехьара, цуьнан меттехь хьо хир ма вара. Варийлахь! Хьуна ма мотталахь, нисваларна тIехь сацар хьайн дегIан кхиамех цхьа кхиам хилла ду. Ша берриг Делан къинхетам бу хьуна. Хастам, шукра де АллахIана!

Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.
Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – 1 степени в 2010 году
Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.

(Чаккхе. Юьхь еша 1-чу агIонехь)

Дика дагадогIу суна сайна а, арахь, адам дукха дIасалеллачохь, сагIа деха охьахиъначу заьIапчу стага дечиг-пондарца, мукъамехь Iелий, Iумаррий хестош, Iедало уьш хьийзорах, цул тIаьхьа Iедалан керавахарх лаьцна байташ аьлча, тIегуллора адам. Гулбеллачийн доьлхучу бIаьргашка хьаьжча, хала дацара иттанаш шерашкахь церан дегнашчохь гулбелла, Iиткъина баланаш ган. ТIаьххьара чекхволуш, назманан тIаьххьара байт:

Iуьйренийн нур дIа ма дели,
Суьйренийн нур дIа ма дели,
Iелий, Iумаррий балано лаьцча,
Динан серло дIа ма ели, –

миримый враг советской власти», «контрреволюционер» – оьрсийн маттахь) «Цкъа а хийцалур воцу советан Iедалан мостагI», «революцина дуьхьалверг» – иштта цIерш техкинера цара Митаев Iелина.

Амма вайн бусалба вежарша, мурдаша Iела а, цуьнан гIуллакхаш а диц ца дора. Церан пусар дора, сий дора. Оцу уггаре а луьрачу заманчохь язйинчех ю Нажин-Юьртан кIоштан ЦIоьнтарарчу Къабила (Дала гечдойла цунна), хIокху очеркан юьхь йолош, ялийна байт:

Iоврех дIаийна шовданаш бехделла,
Динан Да балано хьулвина…

Муха кхета веза оцу дешнех? Мунетарах аравалале, элира хIара байташ:

1. Шун керта бIаьрг тоьхча, кхин бала эшац,
Боьлхачу бIаьргана мерза хи эшац,
Доьхначу шен дагна кхи хало эшац,
Ма байлахь диси тхо, я валиййуллахI!

2. Iадато Iехийча, ма бакъо эшац,
Дуьнено Iехийча, динан малх эшац,
Хьо везаш воцчунна эхарат эшац,
Ма байлахь диси тхо, я валиййуллахI!

3. Хьох Iебаш воцчунна кхоан чам эшац,
Иблисан боцуриш хьехамаш эшац,
Дин доцчу охIланна гIовсан хьал эшац,
Ма байлахь диси тхо, я валиййуллахI!

а, шена ма-лаъара хесто а, вийца а бакъо цахиларна, шен дагах, ойланех кхеташ шен син-накъостий кIезиг хиларна, ша ечу ойланехь, оцу мурдо яздора:

Бакъдериг дийцича, доттагIий оьгIу,
Харцдериг дийцича, вайн Дела оьгIу,
Хьо устаз ва лаьцча, тилла халкъ оьгIу,
Аг1исни хьажахьа, бакъо хьан хилла…

Iовдин Iелех бакъдолчух, цо лелийначу гIуллакххех, цуьнан дахарх, цуьнан мурдийн ойланех, гIуллакххех, церан вовшашца йолчу марзонех со алсам кхетаре терра, сайна и дерриге а алсам довзаре, хааре терра ойла сецна теша со, вай Кхоьллинчу Дала Iелех а, цуьнан

МУРДИЙН ДЕГНИЙН ОЙЛАНАШ

аьлча, гулбеллачу, цу назмане ладоьгIучу наха, вогIу-воьдучо дог резахилла сагIийна охьатуьйсучу даккхийчу ахчанех воккхачу стага шена хьалха охьабиллина куй дукха сиха бузура. И меттигаш гина ву со.

Халкъана доза доцуш гергара дара Iелех лаьцна олуш долу хIора а дика дош. Муьлххачу стага ца вевзачо, кхечо дог резахилла аьлла хаза дош царна сийлахь дара, деза дара. Цундела кхеташ ду Iелех лаьцна вайн историкаша, яздархоша, журналисташа язйина массо а материал, яздина хIора дош (Iела аьшнаш веш яздинарг а) цуьнан мурдаша, мурдийн доьзалша дIадуьллуш хилар.

Нагахь автора, советан Iедалан заманчохь, Iела емал веш яздинехь, мурдашна хаьара, цу кепара иза яздан бахьана хIун ду, бIаьргашна дуьхьал хIуттура ма-дарра бакъдолуш лелларг, ткъа иза кхечу кепара дара.

Дуккха а болчу мурдийн доьзалашкахь шайн берашна тохкуш карлаюьйлура Iелин, Iумаран цIерш. Берана мотт Iемаш хьалха АллахI, шолгIа Элча, тIаккха Iовда, Iела (Вели) цIерш Iамайора.

Ткъа арахь, халкъалахь, вайна махаъара, лелош кхин некъ бара, бусалба дин аьшнаш деш, хIаллакдина дIадаккхаран некъ бара, иблисан некъ бара. Вуьшта аьлча, бусалба динна дуьхьал беш луьра идеологически тIом бара. ЦIерш йохур яц вай, хилларг хилла а, лелла а даьлла, амма цкъа Далла хьалха жоп дала-м дезар ду. Бакъдерг ду иза: царех дукхахболчара, къаьсттина историкаша, иблисан некъ хаьржира оцу заманчохь, динан дайшна луьйш, дин дохорехь сихо еш хьалхарчу могIаршкахь къаьсташ бара уьш. Амма и Iедал доьхна, керчина дIадахча, бусалба дин лелош а, и халкъана довзуьйтуш а болчарех хилла дIахIиттира уьш… Царех цхьаберш хIинца а болуш бу…

Къаьсттина буьрса тIом бара Iелин гIуллакхашна а, цуьнан доьзалашна а, мурдашна а дуьхьал беш. («Неприпикъалла, динехь ца магош долу хIума юкъадалийна, Динан Да – Iела лацар бахьана долуш, шовданаш санна цIена долу дин хIаллакдина дIадаьккхина, боху Къабила.

Зулмат дIадаьлла пайз хаьдда,
Туьран да машаре ваьлла…

Хьалха динехь доцчу гIуллакхашна дуьхьал тIом латтош хилла болу Iелимнах хIинца дIасевцца – зуламе долу, Делан некъаца доцу хIума, Делера тIебогIу пайда дIабалар бахьанехь, иза (зуламениг) могуьйтуш ду, цунах зен а ца долу хIинца, – боху автора.

Оцу кепара кхоллаpалла йолуш волу поэт, мурд Мусхаджиев Къабил ша тайпана вахар-Iер, кхоллам болуш хилла. Iовдин Iела хестор, ма-варра иза вийцар, цунна велхар… – и дара цуьнан дахар.

Шен устаз Iедало лаьцна дукха зама ялале, шен назманехь Къабила яздо:

1. Iаьржачу лаьтто Iовда вигна,
Кхойкхуш, лоьхуш Iела (Вели) вигна,
Дин мел дериг лаьцна вигна,
Бехьа, Дела, Хьайн къинхетам!

2. Хьо хьехавар дагчу дели,
Къайлах толлуш орцадели,
Хьо вац аьлларг тоьлла вели,
Бехьа, Дела, Хьайн къинхетам!

3. Амал доцуш халкъ ма диси,
Хьоьжуш, боьлхуш наной биси,
Ден доьзалаш боьлхуш биси,
Бехьа, Дела, Хьайн къинхетам!

Iела шайна гуш цахиларх а, и шайца цхьаьна волуш санна, цуьнан лерам бора мурдаша. Къабил, хьалха а санна, сих-сиха кхочура Эвтара, амма Iела цIахь цахиларо дог дашадой, юхавоьрзура.

Цкъа Эвтара веана, гIелонца, балица йолчу Iовдин керта бIаьрг а тоьхна, ЦIоьнтара юхавирзинчу Къабила, Эвтарах аравалале, элира хIара байташ:

Iела къобал ца веш, махках ваккха а, и лацийта а ямартло лелийначарна, хIинццалц Iела къобалван ца луучарна Къабила яздина:

1. Хьоьца хьагI лаьцначунна кхин харцо эшац,
Махьшаран халонехь кхин бала эшац,
Дала бехк баьккхича,
кхин довхой эшац,
Шаьш дезаш виталахь, я валиййуллахI!

2. Дала бIарзвинчунна
бIаьргийн нур эшац,
Дала къарвинчунна хьехамаш эшац,
Дала тилвинчунна кхетта малх эшац,
Шаьш дезаш виталахь, я валиййуллахI!

Iела лацарна дог дешначу, дуьненчохь мел долу хIума Iелина доьлху ша санна гIайгIане, сингаттаме а хетачу, кхечу вевзаш воцчу Iелин мурдо а язйо шен назманехь цхьа байт иштта:

Iуьйрене ма бала кхечи, Дела,
Суьйрене ма гIайгIа кхечи, Дела,
Iовдин керта ма цIе ели, Дела,
Iовдин цIийнехь
ма бала лаьтта, Дела.

Балано дагна ма ов детта, Дела,
Сатуьйсуш, ойлано ма сагатдо, Дела.
ДегIаста Велина
ма гIийла йоьлху, Дела,
Iовдин цIийнехь ма бала лаьтта, Дела.

Цоци-Эвлара вара Iовдин Iелин мурд Умаев ТIокка. Шен ерриге а зама Iела назманашкахь, зуькаран байташкахь хестош, цунна воьлхуш, Далла Iамал-Iибадат деш, Iовдин а, Iелин а тобанца яьккхира цо. Дин доцчу Iедало хьийзош, и некъ дIатаса а бехира цуьнга. Амма цуьнан ницкъ кхечира церан кара ца воьдуш, шен устаза охьабиллинчу новкъахь чекхвала.

Шен даго ма-хьеххара хьахо а, вийцамурдех а боккха къинхетам бина хилла. Уьш вовшийн доза доццуш безаш хилар – иза Делан боккха ницкъ бу. Царна юкъахь кхолладелла гергарло Делан ницкъаца кхолладелла ду.

Оццул шайна вевзаш а, везаш а волу Iела хIунда во техьа аьшнаш, хIун бахьана ду ца веза а, ца вовза а аьлла ойла йинчу ТIоккас шен назмин цхьана декъехь иштта боху:

1. Делера еана бакъо ю аьлла,
Элчанан умматна дола ду аьлла,
Динан дай хьийзина бакълийна аьлла,
И вайн Дела хууш ву, я валиййуллахI!

2. ГIовсалла, сийлалла
шуьгахь ду аьлла,
Дин дайина нур дина бакъо ю аьлла,
Харцоно чехий хьо, Сийлахь ву аьлла,
И вайн Дела хууш ву, я валиййуллахI!

3. Диканаш ва доькъу
хIорд бу хьо аьлла,
Халкъо чам эцаза къайле ю аьлла,
Дай хьийзий халкъо шу, гIовсалла ду аьлла,
И вайн Дела хууш ву, я валиййуллахI!

4. Харцлерехь сов вериг
тхьамда ву боху,
Дин дохош волчунна хьалха ву боху,
Дог делхош хьо везарг вуьтур вац боху,
И вайн Дела хууш ву, я валиййуллахI!

Iелин кхоллам шена дика хууш а, цо мел далхийнарг дерриг дика девзаш а, далхийна а ма-хиллара хуьлуш хиларх воккхавечу ТIоккас иштта яздо шен цхьана байтехь:

Веза, теша мегар ду.
Теша, вовза мегар ду,
Хилале хиндерг дийцина ву,
Хинца мукъане а вовзийша!

Джунидан МасIуд

МУХЬАММАДАН ВОЗАЛЛА

(АллахIера къинхетам, маршо хуьлда цунна)

Барт хоттучохь эр ду боху,
ЙоI йийначу бехкечуьнга.
«Цунах» хаттар дийр ду боху,
ЙоI йийначу бехкечуьнга…

КIентий бойуш хилла дайша,
Шайн мискаллех, къоьллех кхоьруш.
И ирча болх Дала дашца
Хьарам бира, къа ду олуш:

«Ма дайа шайн кегий бераш!
Бераш дайар – доккха къа ду.
Мискаллех шу эшац кхера,
Рицкъа луш верг АллахI ма ву».

Бусалба дин денна толуш,
Цо вон мел дерг дIадаьккхира.
Iилма Iамо бакъо йолуш,
Зударий а дIахIиттира.

Зударшна тIехь латтош долу,
Харц зуламаш дIадехира.
Дахар тодеш, пайдехь долу,
Дика белхаш тIелецира.

Церан дахар, маршо ларъеш,
Юкъаметтиг дIаяьстира.
Хьалха лелош хилла болу,
Ирча белхаш хьарам бира.

Мустафа тIех дика хилла,
Толамца хилла бакълерехь.
ГIиллакхца кхачаме хилла,
Миска нах дукхабезарехь.

Толамах ша тешна волуш,
Диканах шен дог тешийна.
Бусалба дин паргIат доккхуш,
ГIазотехь мостагI эшийна.

Кхачаме Элча и вара,
Шен уммат АллахIе доьхуш.
Диканна и масал дара,
Там-товриг шена ца лоьхуш.

НIаьна-кIорни цомгаш хилча,
Цунна лорий дарба лелош.
Буса цициг арахь дисча,
НеI дIайоьллий, и чудалош.

Къинхетаме иза вара,
Адамашца сов дог-кIеда.
Муъма нахах дог лозура,
Цхьа къа доцуш, шен са цIена.

Жимачух къахеташ воцург,
Вуьсур ву дегIан сий дайна.
Воккхачун хьакъ хууш воцург,
Бусалба вац аьлла вайга.

Вайн хазчу гIиллакхийн хазна,
АллахIан Элчанехь яра.
Бакълуьйш верг вара и дашна.
Мискачух къахеташ вара.

Элчано ша олуш хилла:
«Ахь ца лахь ницкъ ма бац соьгахь,
ХIай, АллахI, ас доьху хьоьга,
Со вочу гIиллакхех ларвар».

Цуьнгара доьналла гира,
ГIуллакх деш цхьаъ волчу Далла.
Массарна кхайкхам цо бира,
«Риба» дар хьарам ду аьлла.

Мухьаммада доьналлица,
Маккахь кхойтта шо даьккхира.
Ислам-дине халкъ кхайкхарца,
Адам сама цо даьккхира.

Дала Ислам-дин толийра.
Цуьнан мостагIий эшийра.
Хьанал дахар дIадолийра.
Iаьрбаша ийман диллира.

Эсала вара Мухьаммад,
Куралла цуьнца яцара.
ГIуллакхна юкъаравалар,
МоттаргIа лелор дацара.

Элчанна тIех дукхабезнарш –
Шайгахь хаза гIиллакхаш дерш.
Уггаре цунна цабезнарш –
Кураллица къамел деш берш.

Цуьнга Дала вахью* дина,
Варий, куралла ма елаш.
Вовшашца шу цхьаьна ийна,
Бертахь, эсала хилалаш.

СагIа даларх, хьал ца эшош,
Сийлаллехь сов воккху Дала.
Ахь Iамал яхь, Дела хьехош,
Ялсаманехь югIу гIала.

БIаьрзе верг а, сагуш верг а
Цхьатерра вацаре терра,
АллахIах ца тешаш верг а,
Ийман диллинчух вац тера.

Элчано ца баьхна шегахь,
АллахIан Iилманийн бух бу.
Я къайле хаар ду шегахь,
Я хазна шен карахь ю.

Ша Далла дукха а везаш,
Къастийна и адам хилла.
Халкъана диканиг дезаш,
Адмашна и ваьцна хилла.

Вайна ма хала дац тахна,
ШапаIат дан да а волуш.
Шен уммат Деле деха,
Сийлахь верг Пайхамар волуш.

Пашаев Нурди

Юкъараллин лазамаш

Ларъе вай берийн бакъонаш?!

Бералла – иза шатайпа туьйра ду. Цигара схьа ву вайх хIора а. Йийцарехь евзаш яц и. Вайна хаа цуьнан сатиййсамаш, лаамаш. Девза мерза гIенаш. Ненан йовхо йист йоцуш ю. Да уллохь хилар а – син токхе ю. Муьлхха а бер, массо а агIор дуьзна кхиарехь оьшуш ду доьзалехь да-нана. Уггаре а новкъа цунна догIург – чуьра девнаш, оьгIазалла, гамо, вовшех баккхийнаш цакхетар. Жимачу хьекъална шена кхето хала ду, цара къуьйсург хIун ду я шен царах къаста хIунда деза? И жоьпаш шена хьалха хIитто хан яц цуьнан. Цара йо тIаккха синна чевнаш. Дерриге а берийн цхьатерра яц бералла: стелаIадан басарш а кхулий хуьлу. И сирла сурт церан дохорг, дукхахьолахь, да-нана ду. Халахеташ делахь а, тIаьхьарчу хенахь вайн юкъараллехь жигара болар эцна ду доьзал бохар а, дIасакъестарш а. Цунах хуьлуш болу тIеIаткъам бIаьргашна дуьхьал бу. Ши шо кхаьчна вайн махкахь Нохчийн Республикин берийн бакъонашкахула векалаллин туш кхоьллина. Цунна коьртехь ву махкахь вевзаш волу Iелимстаг Хирахматов Хьамзат. Цара цхьаьна дIахьош берг боккха болх бу, собар, хаарш оьшуш. Дийнахь масех адам догIу кхуза, шен-шен цхьацца бала бохьуш: берашна доладарехь а, пурба доцуш махкал арадаьхна бераш цIадерзорехь а, иштта и тайпа кхиболу лазамаш а. Ткъех доьзал вовшахкхетта, Делан къинхетамца, хIокху шина шарахь, кхаьрца юкъаметтиг лелоран беркатца.

Ишттачех цхьа масал дара Жанаралиева Мадинин йоI ца гойту шо сов хан хилар. Цуьнан хIинца ши шо кхаьчна. Цу юкъана шозза бен гина яц боху цо и шена. Цомгаш йолчу денанас а, дас а лелош ду бер. Дикка хан ю и ший а агIо берта яло гIерташ НР-н берийн бакъонашкахула волчу векала Хирахматов Хьамзата шен белхан тобанца къахьоьгу. Цу гIуллакхан шен цхьа кхачамбацарш ду. Мадинин шен да-нана а ду вовшахкъаьстина. И бахьана долуш, и ша ю шен ненаца Разетаца Iаш. Жима йоI гайта пурба делла, ткъа и ган Мадина шен да волчу керта яха езаш ду.

Берийн бакъонаш ларъярхьама вайн республикехь кхоьллина дика хьелаш ду. Къаьсттина НР-н берийн бакъонашкахула йолчу туьшахь. Чоьхьарчу гIуллакхийн министерстваца а, дешаран а, Iилманан а министерстваца а, юкъараллин структурашца а, Юкъараллин палатица а, шуьйрачу хаамийн гIирсашца а латтош юкъаметтигаш ю. Цхьана а хIуманна тIехь юхабовлар а доцуш, шаберш а вайн берийн кхане ирсе яран дуьхьа къахьоьгуш а бу.

Цхьа тамашийна хийцаелла вайн юкъаралла. Дуьненан хIума доцуш, баланаш ловш вай даьхначу заманахь къинхетам алссам хаалора вайна юкъахь. Дуьненан хIума совдаьлча, къинхетам бедда. Берийн дас шена керла хIусамнана лоху, ткъа нана, маре йодахь, ца йодахь а, шен декъаза сатийсар худуш, еха. Пекъарш-бераш, и хилла чов, шайна а юьсий, Iададой дуьсу. Цу берийн психологи толлуш болчу говзанчаша дийцарехь, цу тайпа бераш вайн алсамдовлуш лаьтта тIаьхьарчу хенахь. Вайн къомана кхераме статистика ю и.

НР-н берийн бакъонашкахула йолчу туьшахь болх беш болчара шайна зеделларг ду олу, вайн юкъаралла синмехаллашца ледара ялар. Аьлларг аьллачохь цахилар, шех тешийнарг нахала даккхар, дешан да цахилар. И хIумнаш чIогIа лоьруш баьхна вайн дай. Церан сий цадар эхь а долуш. Къонахийн амал йолуш баьхна болчу церан тIаьхьенан – вайн – ледарлонаш алсамъюьйлуш хилча, амалтана бераш а дохкуш, и боккха эшам бу. Къаьсташ, девнаш дохуш, дуьненан хIума къуьйсуш. Цунна зама бехке яц, адамаш шаьш ду.

Давтаев Хьасан шен диъ бер ган йиш йоцуш лелаш волу шо хан ю. Зудчо уьш лечкъадо. Суьдехь харц сацам а байтина, бераш шена схьа а даьхна, яха меттиг йоцуш лелаш ю. Цкъа а вайна хааделла хIумнаш дац тIаьхь-тIаьхьа вайна гуш дерш. Я вайнехан хилла а дац дена шен доьзал ган йиш цахилар. Ткъа вала вахвелчунна ган язлург хиллера хIуъу а.

Хуьлуш дерг шенач ул а деза цхьанна а дац олий хеташ хир ду Муьлхха а хилам, шена тIаьхьа лар йоцуш ца буьсу. Берийн бешахь бен доццушшехь, да-нана цхьаьна доцу бер къаьсташ хуьлу.

Iеламнаха дуьйцу, да-нана дIасакъаьстанчул тIаьхьа шарIо божаберан 7 кхаччалц, йоьIан 9 шо кхаччалц, и бер нанна догIу аьлла. Нагахь санна уьш лело хьуьнар, могашалла, Iен меттиг цуьнан елахь. Цо билгалдора, вайн божарий И хенаш юьйцур яц вай, ши бутт кхаьчна бер а ненах доккхий, цунна туьканан шура мийлош, цу берийн могашалла хIаллакьеш меттигаш а хуьлу. Нагахь санна и стаг галваьлла велахь, цуьнан верас мукъана а хила ца мега, юкъарча хила, и стаг кхето, иштта мегар дац- ала? Нохчийн чIогIа ю гергарлонийн уьйраш. Воккхачуьнга ладогIар а, царех дагвалар а дехка мегар дац.

ЦIахь да-нана, дешаран хьукматашкахь хьехархой бу берана кхетам луш. Хьехархо а ву, чоьхьара адам санна, цу берана саготтачарах. Кхиъна ваьлла а воцуш я берийн хан а йоцуш волу кхиазхо галваларна кхераме ву. Цо оьгIазвахханчохь хIуъу а дан тарло. Нана дIаяхча, ша цхьалха хета цунна. Цхьанна а ца оьшуш. Винчу нанас а витича, кхин дегайовхо ца карайо. И санна долчо галдолуьйту тIаьхьа тIедогIург а.

Берийн бакъонаш ларъярехула беш болу болх берриге а цхьаъ бу, ткъа башхалла ша-ша ю хIора регионехь. Вайн регионан кхачамбацар – шаьш дIасакъаьстича, бераш, вовшашна хIуьттаре ярхьама, «герз» дина лелош ду. Цу тIехь уьш ларбан ницкъ ца кхочу. Вайн республикехь, тIехьаьжча гуш боцуш, бийца воьлча, ладоьгIча, боккха бала бу цу агIорхьа.

Дуьненан хIума декъа атта ду. Цунах вала а атта ду. Шен сих даьлларг лан хала ду гуттар а. Кар-кара ло соьмаш санна, и бераш дIасакхийсар –пайдехь муххале а дац, мелхо а, иза лазам бу цу берашна. Цуьнан тахане йохийна а ца Iаш, кхане а ю хIаллакьхиларе кхуьйсуш. И ца хилийта, цу тIехь беш боккха болх бу, амма дIасакъакъаьсташ долу адамаш дукха хилар бахьана долуш лара бо. ХIораммо а шена тIера, шен чуьра, шен доьзалера дIадоладахьара и, хьал талур дара вайн. Бераш ирсе хир дара. Да-нана цхьаьнадуьсур дара. Вайн иштта а ма дара шортта буобераш, шина тIамо шайл тIаьхьа декъаза дуьне даа дитина, да-нана дийна долушшехь дерш ца хилча а. Ваьш вайна и кхето вайгахь хьекъал карийча, ма боккха кхиам бара вайн юкъараллина. Дала и кхетам лойла вайна!

Садаева Раиса

ПРИОБРЕТЕНИЕ ЗНАНИЙ – НАШЕ СПАСЕНИЕ

Наилучшие из вас те, которые выучили Коран и обучают других

Священная книга Коран является самой почитаемой и величественной. Коран – постоянное и вечное чудо, самое убедительное из доказательств существования Всевышнего Аллаха. Чтение Священной Книги является богоугодным делом, поэтому каждый мусульманин должен стараться научиться читать Коран. В благородном хадисе отмечено: «Каждому прочитавшему хотя бы одну букву из Корана, Аллах запишет одно благое дело и за каждое это деяние Он воздаст в десятикратном размере». Мусульмане с большим трепетом и благоговением относятся к Корану, они знают, что это – слово Всемогущего Творца.

В нашей республике проявляют огромный интерес к изучению Священной Книги. Свою лепту в это б огоугодное дело вносит школа языков имени Дени Арсанова. Руководителю школы Ибрагиму Арсанову, который является внуком Шейха Дени Арсанова, в честь которого названа данная школа, удалось организовать учебный процесс на высшем уровне. Это была нелегкая, но в высшей степени интересная, а также почетная задача. В школе несколько групп изучают арабский язык и Священную Книгу. У всех

преподавателей есть ценные достижения в методике преподавания, есть все возможности разработать наиболее эффективную систему обучения.

На днях в данной школе собрались сотни слушателей курсов. Несмотря на усталость после рабочего дня, они с воодушевлением изучали Книгу Аллаха. В группе учителя Хизраила Хаджиматова – выпускника медресе «Аль-Коран» – тридцать учеников. Хизраил за три года преподавания выпустил тринадцать групп. Каждый его урок был шаг от незнания к знанию. Преподаватель использовал новые компьютерные технологии при изучении науки таджвид – качественное чтение Корана. Хизраил глубоко и всесторонне знающий предмет таджвида в состоянии раскрыть перед учениками важные темы урока, ответить на вопросы, возникающие у учащихся, иногда неожиданные. На уроках у такого учителя пробуждается желание больше узнать, и вместе с тем на каждом новом уроке у учащихся растет уверенность в том, что их труд и время в изучение самой важной книги на свете не пропадет напрасно.

М.Рамзанов

ДУХОВНАЯ СВЯЗЬ ПОКОЛЕНИЙ

На днях воспитанники Специальной общеобразовательной школы-интерната для глухих и слабослышащих детей посетили зиярат религиозного деятеля Дени-Шейха Арсанова в Кень-Юрте Грозненского района ЧР. Сопровождал группу внук прославленного шейха Ибрагим Арсанов. Он рассказал детям поучительные истории о жизни своего деда. Дени Арсанов – это человек, олицетворявший при жизни всю глубину национального достоинства и являющийся уже для нескольких поколений вайнахов незыблемым символом благочестия и духовности. Воспитанники интерната посетили и построенный Дени-Шейхом каменный мост над речкой Ачихинской (Аьчка-хи), который по сегодняшний день является народным достоянием.

Мустаев Р.

Профессия веры и добра

Профессия врача – одна из благородных профессий. Она требует чистоты души и помыслов. Врач всегда должен быть добрым и милосердным, потому что дело, которым он занимается, облегчает страдания больного и возвращает ему здоровье. В Исламе к врачам относятся всегда особо, их ценят и уважают, в их руках находится качество жизни человека. Истинный врач – это не тот, кто познал и глубоко изучил медицину, а тот, кто осознаёт свой долг перед Всевышним Аллахом и людьми. Это люди, перед которыми стоят важнейшие задачи – распознать, лечить, предупреждать болезни, обеспечивать сохранение и укрепление здоровья. Все эти качества присущи людям в белых халатах Грозненско-сельской больницы урологического отделения. Ведь они всегда помнят, что их профессия – это призвание, и они должны быть готовы придти на помощь.

Р. Мстаев

Нохчийн лаьмнашкахь

«ЮХА А ЦIИНЛУШ ДУ ЛАМАНИЙН КАРРАШ…»

Вайн лаьмнийн мукъам хезний шуна цкъа а? И хаза сатесна, кхузткъе итт шо сов хан яьхьна кхузара дохийначу адамаша шийлачу ГIум-Азехь а, Сибрехахь а. Кху лаьмнашкахь сел хала хиллачу шайн дахаре хьогаме сатуьйсуш хIунда хилла техьа уьш? Вайна ца евзаш йолу хIун исбаьхьаллаш евзаш хилла техьа царна? Бакъдолуш, лаьмнаша дог айдо, ойла тIомайоккху, кху онддачу мокхазан тIулгашна юккъехь ша жима суй тарло…

Кху деношкахь шайн дайн хилла бух меттахIоттош, тIекхуьучу тIаьхьенна Даймохк бовзуьйтуш, Никарахь маьждиг схьадоьллучохь вовшахкхийтира йоккха тоба. Кхуза хьалаван некъан хьелаш ламанан амале хьаьжжина буьрса ду. Делахь а кхуза ван болу лаам кхерамал а хьалхаболу.

Цхьаьнакхетаран хьалхара мур, жимма лахахь а севцца, вовшашка дистхуьлуш, хIара меттигаш евзачарех дагабовлуш, ладугIуш, дIабаьхьира гулбеллачара. Дукха беркате хьеший, Нохчийчуьра хьовха, Россин тайп-тайпанчу регионашкара а, тIерлойн тайпанан нах а, иштта хIокху башхачу гIуллакхах дог лозу адамаш а дара кхузахь вовшахкхетта.

Кху гIуллакхан коьрта Iалашо яра къоначарна масал гойтуш, тIекхуьучу тIаьхьенна, шайн дай баьхна меттиг йовзийтар, зерате вар санна, сийлахь, деза дуйла хаийтар. Кхузткъе итт шо хан яьллачул тIаьхьа, лаьмнийн тийналла йохош, делкъа-ламазна кхойкхучу моллин аз кху лаьмнийн тархашкахула даьржаш хезча, могIа биннa, Далла хьастабала, ламазна хIуьттуш, бусулба вежарий гича, цхьа шатайпа, къа доцчу курраллица ийъалора дог. Ма боккха Делан къинхетам бу иза!

Никарахь дуьххьара маьждиг даран терахь билггал хууш дац. Делахь а, ткъаеснaлгIачу бIешарера схьа ду олуш ду и. Цуьнан меттахIотторан кеп ша хьалха ма-хиллара ю. Чутарвалар шовзткъе итт стагана лерина ду.

Кху тIаьхьарчу шерийн хаза ламаст хилла схьадогIуш ду Нохчийчоьнан гIаланаш, кIошташ, дай махках баьхна дIатесна, акхаевлла, байлахь йисина ярташ меттахIиттор. Цунна къеггина тоьшалла лара мегар ду нохчийн лаьмнийн дегаюккъехь Iуьллучу ТIерлойн махкахь меттахIоттина кхин а ши маьждиг хилар. Оьшнахь ши шо хьалха схьадиллира рузбанан маьждиг. Иза уггаре а доккха ларалуш ду кху меттигашкахь, шена чохь пIераскан дийнахь рузба дан 43 юьртара адам схагуллуш. АрстгIахь а, Никарахь а дерш жамаIатан маьждигаш ду. Дукха хан яра кху ламанца дика-вон дерзор а, рузба а хилаза. ТIеван аьтто боцуш, дIатесна лаьттина дайн кешнаш, бIаьвнаш. Цкъа цхьана хенахь дахар кхехкаш хиллачу меттигийн, 70 шарна чIир кхобуш, тезетан верасаш хилла, лаьттина хIара лаьмнаш…

Кху цхьаьнакхетарехь юьстаха ца висира шен ала дош долуш верг цхьа а. Кхузахь дIадолийнарг мехала гIуллакх хилар билгал а дира хIораммо а. Шаьш оьшучунна кийча хилар а хоуьйтуш, ГIалгIайн махкара баьхкина болу тайпана вежарий а бистхилира.

ХIара санна, дIатесна меттигаш дукха ю вайн лаьмнашкахь, уьш ницкъ кхочучу кепара денъяр чIогIа бIегIийла гIуллакх ду, цунна масал кхузахь цхьанакхетар а ду аьлла, билгалдира кхузахь бистхуьлучара.

Дукха меттигаш, боьранаш, хиш, латтанаш, хьехаш ю вайн махкахь талла езаш, иштта Iилманан болх бан безаш. Нашха а, ТIеричу а ширачу меттигех ю. ПIелг биллал долу латта а шеца цхьа къайле а, шеца цхьа хазна йоцуш а дац вайн махкахь. Цундела ваха везара сих-сиха лаьмнашка, гонаха йолу хазалла бIаьргех дIаэлаллц. Кийрара са массо а балех, гIайгIанех а дIацандаллалц. Ца оьшу ойланаш, сагатдарш букъ тIехьа а дуьтуш. Шийлачу шовдано кийрара тIулг башабо. Пехаш цIеначу хIаваах хьаладузу...

Шайн дай-наношна тIера хьовха, Нохчийчуьра дIа мел бохийначарна тIера, новкъахь белла, каш доцуш байначарна тIера а, халоно, лазарша байъиначарна тIера, кху махке сатуьйсуш беллачарна тIера сагIа а доккхуш, дIадерзийра гулбеллачара и беркате гIуллакх. ХIара тIерлойн мохк денбан а, юхаметтахIотто нийят хиллачарна Дала диканца бекхам бойла! Нохчийчоьнан цхьа вежарий а хилла, шаьш-шаьш схьабевлла лаьмнийн меттигаш цIинъеш бохкучарна а Дела реза хуьлда! Шен къоман дерг деза хеташ, и айдеш, цуьнан сийдеш верг цIараза вовр вац! Ткъа хийцамаш хено гойтур бу…

Садаева Раиса

Ламазан хенаш (декабрь)

денош	фаджр	Iаср	магIриб	Iишаъ
1	05:49	14:29	16:25	17:55
2	05:50	14:29	16:25	17:54
3	05:51	14:29	16:25	17:54
4	05:52	14:28	16:25	17:54
5	05:53	14:28	16:24	17:54
6	05:54	14:28	16:24	17:53
7	05:55	14:27	16:24	17:53
8	05:56	14:27	16:24	17:53
9	05:57	14:27	16:24	17:53
10	05:57	14:26	16:24	17:53
11	05:58	14:26	16:24	17:53
12	05:59	14:26	16:24	17:53
13	06:00	14:25	16:24	17:53
14	06:00	14:25	16:24	17:54
15	06:01	14:24	16:25	17:54
16	06:02	14:24	16:25	17:54
17	06:02	14:24	16:25	17:54
18	06:03	14:24	16:25	17:54
19	06:03	14:23	16:26	17:55
20	06:04	14:23	16:26	17:56
21	06:05	14:23	16:27	17:56
22	06:05	14:22	16:27	17:56
23	06:05	14:22	16:28	17:57
24	06:06	14:22	16:29	17:58
25	06:06	14:20	16:29	17:58
26	06:07	14:20	16:29	17:58
27	06:07	14:20	16:30	17:59
28	06:07	14:20	16:31	18:00
29	06:08	14:20	16:32	18:00
30	06:08	14:20	16:32	18:01
31	06:08	14:20	16:33	18:02

ДIахьош ду«Исламан зIаьнаршка» яздалар!

Ткъе пхиъ шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ…
Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а…
Вайх хIоранннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца…
Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!
Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)…

Параме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928

Исламан зIаьнарш
ГУ «Республиканская газета «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахоьцург: НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-8711-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа

Газетна регистраци йина шуьйрачу коммуникацийн, культурни тIаьхье Iалашъяран декъехь законаш лардар тIехь тергам латторан НР йолчу Федеральни службо 2015-чу шеран I-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла
ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев, П. Петирова, Л. Арсалиева

Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова

Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь баттахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 23.11.2016 шо. 15:00.
Зорбанна куьг яздина хан 23.11.2016 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35
БИННА МАХ